

VANPOOL

YON BON FASON POU
FASILITE TRAJÈ TOULÈJOU-OU



SOUTH FLORIDA
COMMUTER
SERVICES



RELE JODI-A! 1-800-234-RIDE (7433)
WWW.1800234RIDE.COM

Ekonomize tan ak lajan lè ou “vanpool” pou al travay.



Eske ou bouke kole nan blokis poukont-ou? Eske bous-ou fin vid poutèt jan gazolin chè? Eske ou gen pou ou fè plis pase 10 mil pou al nan travay-ou epi ou toujou gen menm orè-a? Ebyen reflechi pou ou jwenn detwa zanmi pou kòmanse yon “vanpool” epi pou pataje depans ale-tounen nan travay-la. Non sèlman w’ap ekonomize lajan chak mwa,

men w’ap fè machin-ou pran yon souf epi w’ap rive pi vit lè ou sèvi ak liy HOV-a sou I-95.

KISA YO RELE “VANPOOL”?

South Florida Commuter Services ansanm ak South Florida Vanpools pote bis bay gwoup 5-15 moun ki fè menm trajè-a toulèjou epi ki kalifye. Pasaje-yo pataje frè fonksyonman bis-la koute-yo; yo peye yon menm kontribisyon chak mwa. Akò bay-la valab pou yon mwa epi yo gen dwa anile-li avèk yon preyavi enmwa. Kontribisyon-an kouvri depans tankou asirans ak antreyen bis-la. Chofè yo chwazi-a gen dwa fè ti sèvi ak bis-la lè li pap kondwi lòt moun yo; annechanj, li pran swen bis-la epi li kenbe yon kanè wout mansyèl.

MEN YON ESTIMASYON FRÈ VANPOOL

Kantite milyaj pa mwa	Bis pou 7 pasaje	Bis pou 9 pasaje	Bis pou 15 pasaje
750	\$82.72	\$61.34	\$43.47
1250	\$92.43	\$69.12	\$48.14
1500	\$97.15	\$73.34	\$49.67
1750	\$101.43	\$77.12	\$51.67
2500	\$121.85	\$94.89	\$63.47
3000	\$134.00	\$105.89	\$71.47

Pri-a se yon pri pa mwa/pa moun epi li baze sou ki kantite moun bis-la ka pran; li pa enkli lajan gaz ak lajan tòi. Pri yo fè estimasyon yo-a gen dwa chanje.

OU PARE POU “VANPOOL”?

Rele nou nan 1-800-234-RIDE (7433) oswa monte sou www.1800234RIDE.com pou ou wè ak ki moun ou ka fè trajè-a lè ou sèvi ak RidePro, yon sistèm nou gen sou entènèt-la ki pèmèt moun jwenn youn lòt pou yo “vanpool”. Sistèm sa-a ap ba-ou otomatikan yon lis patnè potansyèl ki ta kapab fè trajè-a avèk-ou, ki rete bò lakay-ou, ki travay apeprè menm kote avèk-ou, ki gen menm lè travay, epitou w’ap jwenn enfòmasyon sou “vanpool” ki egziste deja. Apre sa, rele nou pou nou planifye yon rankont “vanpool” nan travay-ou pou ou sa kòmanse “vanpool”!



SOUTH FLORIDA
**COMMUTER
SERVICES**

3201 West Commercial Boulevard, Suite 211

Fort Lauderdale, Florida 33309-3440

1-800-234-RIDE (7433) • www.1800234RIDE.com

